



Pou Piblikasyon Imedya: 1/6/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO LANSE INISYATIV POU RETOUNEN PLIZYÈ MILYE APATMAN VIL NEW YORK NAN LWAYE RÈGLEMANTE**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon gwo inisyativ pou retounen jiska 50,000 apatman ki te ilegalman derèglemante, restore dwa plizyè milye lokatè. Pwopriyetè bilding ki sible yo ap resevwa J-51 benefis taks ak egzansyon nan règlemantasyon lwaye, kontrèman a lwa a. Yo chak ap gen enstriksyon atravè yon lèt pou enskri inite yo.

“Ap gen zewo tolerans pou sila yo ki inyore lwa a epi rekòlte benefis sa yo pandan yap refize lokatè yo lojman a bon mache ke yo dwe bay,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nap pouswiv tout mwayen pou retounen inite sa yo nan lwaye stabilize epi mete nou yon etap pipre pou asire ke Nouyòkè yo gen yon kote ansekirite, desan epi a bon mache pou yo rele lakay ou.”

Tribinal New York yo te detèmine ke nenpòt apatman ki te sijè a Stabilizasyon Lwaye nan dat ke yo te resevwa benefis J-51 dwe anrejistre inite sa yo kòm lwaye stabilize. Efò sa, ki konfòme a desizyon sa yo, prevwa pou retounen apeprè 50,000 apatman nan lwaye règlemante epi bay lokatè inite sa yo pwoteksyon daprè Lwa ak Kòd Stabilizasyon Lwaye enkli renouvèlman lwaye anyèl ak ogmantasyon lwaye konfòmman a Direktiv Konsèy sou Lwaye a.

Apeprè mwaye nan bilding yo ki te afekte gen plis pase 36 inite e apeprè mwaye se pi piti bilding ki gen mwens pase 36 inite. Efò a ap retounen preske 2,000 bilding nan Manhattan, plis pase 500 bilding nan Bronx, plis pase 800 bilding nan Brooklyn, plis pase 700 bilding nan Queens ak apeprè 20 bilding nan Staten Island nan stabilizasyon lwaye.

**Komisyonè New York State Homes and Community Renewal James S. Rubin te deklare,** “Nou angaje pou pouswiv chak opòtinite pou pwoteje dwa lokatè yo. Biwo Administrasyon Lwaye ak Inite Pwoteksyon Lokatè Gouvènè a te antreprann plizyè mezi pwoaktif pou asire ke yo swiv Kòd ak Lwa sou Règlemantasyon Lwaye ak pou inite yo anrejistre komsadwa nan ajans lan. Inisyativ Re-enskripsyon J-51 sa se jis yon ti pati nan kontwòl sa pou pwoteje lokatè yo epi asire ke mèt kay yo swiv lwa a.”

Nan kad inisyativ la, New York Homes and Community Renewal te itilize done entèn pou idantifye apatman yo ki te soti nan sistèm lwaye règleman a pandan lap fè referans a inite sa yo kap resevwa rabè taks J-51. Mèt kay yo kap resevwa lèt sa osijè rabè J-51 yo gen yon rekonpans pou enskri volontèman oswa sibi posib domaj sou nenpòt sichaj sou nenpòt prim majore ke yo akòde.

Inisyativ Re-enskripsyon J-51 pa New York Homes and Community Renewal swiv [anons lan](#) ki te fèt nan mwa desanm ke Inite Pwoteksyon Ajans lan te kolabore avèk Avoka Jeneral Eta New York ak New York City Housing Preservation and Development pou asire ke apeprè 200 bilding resevwa yon soulajman taks 421 ki te ranpli pou konvèsyon co-op/kondo te bay bon jan kalite kontra lwaye règleman a lokatè yo epi enskri inite yo avèk Homes and Community Renewal.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418